



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Lang manman nou, se idantite nou !

Selebrasyon Jounen entènasyonal lang manman se yon randevou anyèl Akademi Kreyòl Ayisyen pran pou montre enpòtans ak plas lang manman genyen nan lavi chak grenn Ayisyen paske se lang kreyòl la, ki se lang manman, tout Ayisyen itilize pou yo kapab esprime sa yo vle ak sa yo santi.

Pou espesyalis nan syans moun yo, idantite yon pèp se tout eleman ki pèmèt pèp sila mare ak kilti li, sosyete li, tradisyon li. Nan sans sa, idantite a tradui tout reprezantasyon, santiman apatenans, valè ki mare pèp la ansanm. Lang lan, bò kote pa l, se yonn nan veritab senbòl idantite pèp la. Lè nou tande yon moun ap pale pòtigè, yonn nan premye reflèks nou se konprann nou gen anfas nou swa yon Brezilyen oubyen yon Pòtigè. Menm si nenpòt lòt moun ta ka ap pale pòtigè san li pa ni Brezilyen ni Pòtigè pou sa. Lang li pale a montre nou anfas kilti yonn nan peyi sa yo kanmenm paske lang lan se senbòl idantite peyi ki pale lang lan. Chak gwoup, chak kominote pote pwòp idantite yo. Èske yon sosyete ki gen de (2) lang pa bay posibilite pou de (2) idantite twoke kòn yo? Wi, se posib ; men lang majorite a marande ak kilti, ak idantite majorite a. Konsa, pou Ayiti, se lang kreyòl, lang manman nou, ki pote mak idantite nou kòm pèp.

Nan sans sa a, pou make Jounen entènasyonal lang manman nou pou 21 fevriye 2023 a, Akademi kreyòl Ayisyen lanse tèm: **“Lang manman nou, se idantite nou!”**

Tèm sila se yon bèl envitasyon enstitisyon an voye bay tout moun pou fè yo konprann enpòtans ak wòl lang manman genyen nan konstriksyon idantite pèp ayisyen an. Lang, kilti, idantite yon pèp, tout mare ansanm. Lè nou itilize lang peyi nou, nou idantifye nou ak peyi nou, nou rekonèt nou se manm yon kominote. Lang nou se idantite nou montre kijan nou rive detere yon bann pratik nan pase nou, nan istwa nou, gen lòt nou fouye pran nan imajinè nou, ajoute sou sa n ap viv kounye a toulejou. Timoun yo dwe grandi nan yon anbyans kiltirèl ayisyen pou yo konnen chak pèp gen yon



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



idantite. Si nou aprann yo renmen lang ak idantite ayisyen an, y ap rive respekte idantite lòt peyi yo pandan y ap prezève idantite pa yo.

Lang nou kòm eleman kiltirèl pèmèt lòt moun idantifye nou, men tou se yon zouti nou itilize pou montre nou se yon pèp ki pote yon kilti. E se sa menm ki fè nou diferan parapò a lòt pèp. Non sèlman Lang manman patisipe nan konstriksyon idantite nou, men tou lang manman se yon pilye nan lakilti. Respekte lang manman se deja yon gwo siyal pou konstwi idantite nou. Idantite pèp la pa yon senp kado, se yon bann eleman nou ka konsidere kòm konstriksyon sosyal ak istorik. E nou gen obligasyon pou nou prezève yo pandan n ap transmèt yo bay jenerasyon k ap vini yo.

Nan sosyete pa nou an, rapò lang ak idantite a gen anpil valè, nan sans li envite nou gade kijan lang kreyòl la rive simante nasyon an ak tèt li. Lang kreyòl la se premye eleman idantite nou, li dwe genyen anpil enpòtans pou nou. Tout Ayisyen pale kreyòl. Sa vle di lang lan pèmèt nou tout sanble epi se li ki rasanble nou.

Pandan n ap selebre Jounen entènasyonal lang manman, Akademi Kreyòl Ayisyen ap raple, lang kreyòl la se yonn nan gwo gadyen idantite nou. Devlope lang nou se konstwi idantite nou. Pwoteje idantite nou se pwoteje lang nou tou. Se yon relasyon rale mennen vini. Nou dwe aprann tout timoun yo enpòtans lang yo ak idantite yo. Aprann yo respekte valè, panse, kilti, tradisyon yo, se sou val sa yo veritab baz konstriksyon ak transmisyon idantite nou chita.

Boutofen, nou dwe rekonèt, pami anpil lòt, lang kreyòl ayisyen an se yonn nan pi gwo kat idantite nou genyen. Pou nou pi byen konprann enpòtans idantite ak lang yon pèp, nou ka sèlman imajine yon moman kote sosyete a pa pale okenn lang. ou ta ka mande ki idantite li. Kidonk, nou vin konprann, idantite/lang yon pèp pèmèt lòt nasyon yo rekonèt pèp sa kòm yon gwoup moun, kòm yon kominote ki gen yon eleman yo ka prezante kòm fondman egzistans li. **Lang manman nou, se idantite nou !**. Mesaj sa dwe rive toupatou sitou nan lekòl yo, nan Inivèsite yo, nan enstitisyon yo, nan kominote ayisyen ki ap viv nan peyi etranje.



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen envite tout Ayisyen toupatou sou latè, travay pou mete lang ak idantite ayisyen an alonè. Si nou rive bay idantite nou ak lang nou valè, lòt pèp ap kòmanse ban nou valè tou. Jounen jodi, peyi nou plonje nan yon kriz san parèy. Kriz sa a atake nou nan nannan nou. Li simen latwoublay nan lavi nou. Nou sanble moun ki pèdi nan wout, nou pèdi sans valè nou kòm moun. Pou nou retounen nan nou menm, se mete pou nou mete devan sa nou genyen kòm kilti, kòm lang epi idantite, kòm patrimwàn ki rasanble nou : yon peyi, yon nasyon, yon lang, yon kilti, yon idantite.

Ansanm, an nou batay pou yon sosyete djanm, yon sosyete ki pran kòm bousòl lang li ak idantite pou demen ka pi bèl.